

# DEKLARASYON SOLIDARITE

*« li pa fasil pou n pale povrete san n pa santi n wont. Lè m wè tout fanmi sa yo rasanble, lè m chita ansanm ak moun m pa t janm imajine si yon jou m ta fwote ak yo, lè m pran la pawòl devan lasosyete, tout bagay sa yo ban m anpil kouraj ak anpil fòs. Jou sa a, mwen santi tout moun sa yo ki te la a te vle pou nou menm tou nou gen plas nou.»*

**Nan mwa me 2006**, defansè dwa moun ki sòti nan 4 kontinan e nan tout kouch sosyal yo te reyini nan vil Monreyal pou devlope yon Rezolizyon Nasyonziini pran pou bay 17 òktòb ki se Jounen Mondyal pou desitire lamizè plis jarèt. Yo te chita sou konsiltasyon yo te fè ak òganizasyon, ak sendika, ak gouvènman, ak ajans Nasyonziini.

**Yo envite tout sitwayen yo ki renmen jistis ak lapè pou yo pòtekole ak Deklarasyon Solidarite sa a yo mete deyò.**

## DESITIRE LAMIZE YON CHEMEN POU LAPE

- ♦ *N ap pòtekole ak tout fanm ak gason k ap lite toupatou nan lemond pou kenbe fèm devan lamizè e pou elimine l.*
- ♦ *Nou vle bay sipò nou pou fè respekte diyite ak posiblite reyèl pou tout moun benefisye Dwa yo.*
- ♦ *Nou vle ale nan sans tout jefò k ap pèmèt moun yo mete sou kote e k ap viv nan lamizè yo patisipe nan lavi sosyete yo, e tou nan 17 òktòb, Jounen Mondyal pou n desitire lamizè.*
- ♦ *N ap mande pou sitwayen yo, otorite lokal ak nasyonal yo ak Nasyonziini :*
  - *Pou yo konsidere moun ki pi pòv yo tankou premye aktè nan batay kont povrete a.*
  - *Pou yo garanti patisipasyon yo nan elaborasyon, reyalizasyon ak evalyasyon tout politik ki gen a wè ak yo. Nou mande pou yo rete kwè nan yon monn ki pa gen lamizè, yon monn kote dwa pou viv ak fanmi w, dwa pou gen yon travay korèk, dwa pou patisipe nan aksyon sosyal, kiltirèl ak politik yo respekte.*
  - *Pou yo bay sipò yo nan aktivite k ap fèt chak 17 òktòb pou patisipasyon moun ki nan mal site yo kapab nan kè jounen mondyal pou n desitire lamizè*
  - *Pou yo patisipe nan dyalòg nou dwe òganize tout lane. Dyalòg sa yo se ak moun ki deja angaje yo nan jefò pou desitire lamizè ak kreye chemen pou lapè.*

**Men syati moun yo ki mèt deyò DEKLARASYON SOLIDARITE a**

Diego **Arizala**, Colombie ; Micheline **Belisle**, (Québec) Canada ; Évelyne **Boisvert-Beauregard**, Organisatrice jeunesse, (Quebec), Canada ; Jean **Bouchard**, Canada ; Brigitte **Bourcier**, France ; Eugen **Brand**, Délégué Général, ATD Quart Monde ; Joan F. **Burke**, SNDdeN, Comité des ONG pour le Développement social, CONGO, New York, Etats-Unis ; Silvio **Campana Zagarra**, Représentant du Défenseur du Peuple, Cusco Pérou ; Virginie **Charvon**, France ; Bruno **Couder**, Délégué Général adjoint, ATD Quart Monde ; Jean-Michel **Defromont**, France ; Susie **Devins**, Déléguée Générale adjointe, ATD Quart Monde ; Lillo **Di Pasquale**, Suisse ; Gabrielle **Epicum**, France ; Ben **Fehsenfeld**, Taporì (branche enfance Atd Quart Monde) ; France **Fournier**, (Québec) Canada ; Daniel **Genevois**, Amnesty international France ; Philippe **Hamel**, Burkina Faso ; Claude **Heyberger**, France ; Mark **Hogan**, Directeur de la Fondation Saint-Vincent, Irlande ; Yvi **Hollandais**, République de Maurice ; Betty **Johnson**, Philippines ; Louis **Join-Lambert**, Allemagne ; Urs **Kehl**, Canada ; Lance **Lamond**, S.T.O.P., Canada ; Bernadette **Lang**, Canada ; Bérengère **Le Sonneur**, Canada ; James **Leblanc**, New Brunswick, Canada ; Renée **Lefevbre**, France ; Corine **L'Enflé**, Enseignante, République de Maurice ; Nina **Lim Yuson**, Présidente ATD Quart Monde ; David **Lockwood**, Haïti ; Bert **Luyts**, Belgique ; André **Martel**, (Québec) Canada ; Lisette **Martel**, Canada ; Franck **Mathieu**, Journal résistances, [www.jeresiste.org](http://www.jeresiste.org), France ; Tomasz **Medynski**, Pologne ; Monique **Morval**, Canada ; Bertha **Moshi**, Enseignante, Tanzanie ; Sarah **Ortega**, Philippines ; Titinga Frédéric **Pacéré**, Avocat au Tribunal Pénal International (Arusha, Tanzanie), Ecrivain ; Cristiana **Peruzzo**, Italie ; Jacques **Petidor**, Technicien en éducation non-formelle, Ministère de l'Éducation, Haïti ; François **Philiponeau**, France ; Joseph Larcher (Ricard) **Pierre-Louis**, Président du Village d'Anouska, Maurice ; Grazyna **Pisarczyk**, Directrice du service social de la ville de Kielce, Pologne ; Julian **Quispe Durand**, Pérou ; Benoit et Véronique **Reboul-Salze**, Canada ; Huguette **Redegeld**, Vice-Présidente, ATD Quart Monde ; Fabienne **Renou**, France ; Carolyn **Rogers**, Coalition anti-pauvreté de Saskatoon, (Saskatchewan), Canada ; Hélène **Rozet**, France ; Guy **Ryder**, Secrétaire général, Confédération Internationale des Syndicats Libres, Vicki **Soanes**, Nouvelle Zélande ; Rosanna **Sta Ana**, Philippines ; Aimée **Turcotte**, Organisatrice communautaire, (Québec) Canada ; Marco **Ugarte**, Vice-Président, ATD Quart Monde ; Alberto **Ugarte Delgado**, Pérou ; Cassam **Uteem**, Ancien président de la République de Maurice ; Mieke **Van Dyck**, Haïti ; Thierry **Viard**, France ; Laurence **Vilain**, Canada ; Stuart **Williams**, Irlande.

# DEKLARASYON SOLIDARITE DESITIRE LAMIZE YON CHEMEN POU LAPE

Nan dat 10 desanm 1948, nan « Deklarasyon Inivèsèl Dwa moun nan », pèp ki te pi touche nan de gè mondyal yo te admèt « *Pa konnen Dwa moun oswa pase yo anba pye, lakòz anpil aksyon krazebrize* ».

Yo pwoklame « *pi bèl rèv lezòm ta genyen, se pou yo ta rive fè yon jou, toupatou nan lemonn, moun ka gen libète pou yo pale, pou yo kwè, san soufrans pèsekisyon ak chenn lamizè pa entrave yo* ».

Nan dat 17 òktòb 1987, anba konvokasyon Joseph Wresinski, defansè Dwa Moun ki konnen lamizè se yon eskandal epi ki konnen sa lamizè ye, te sòti nan plizyè peyi pou rasanble nan vil Pari :

- \* *Pou bay viktim grangou, inyorans, ak vyolans respè yo,*
- \* *Pou di byen fò lamizè pa yon fatalite,*
- \* *Pou pwoklame solidarite yo ak sila yo k ap lite toupatou sou tè a pou detwi lamizè.*

Nan dat 22 desanm 1992, Nasyonzini admèt 17 òktòb,

**Jounen Mondyal  
pou n desitire lamizè  
kom**

**« Jounen Intènasyonal  
pou elimine povrete ».**

*Nasyonzini gen konsyans se yon nesosite pou n mete yon pwen final nan zafè povrete san limit sa a.*

## **JODIA, NAN LEMONN, GEN TWOP FANM, TWOP GASON, TWOP TIMOUN KI PA KONTE POU ANYEN**

*« lè w pa posede anyen, yo pa konsidere w tankou moun. Ou pa konte pou anyen. Gen yon pil ak yon pakèt moun sou tè a k ap troke kòn chak jou ak sityasyon ki bay kè tounen tankou grangou, inyorans, ak tout lòt bagay ki fè moun souffri, m pa kap sipòte sa ankò ! Gen anpil moun ki revolte kont bagay sa yo, men yo rete bouch fèmen : « sa m bezwen pale fè ? ki yès k ap bay pawòl mwen valè ? »*

## **LAMIZE SAN LIMIT, SE YON ESKANDAL, CHAK GRENN MOUN SE YON FOS POU DESITIRE L**

Anpil sitwayen montre volonte yo genyen pou mete yon pwen final nan zafè « gwo k ap kraze piti », nan zafè prejije ak mepri ki ankouraje lamizè. Kalamite sa a prezan nan tout soyete, li se yon danje pou lapè anndan peyi yo, e ant peyi ak peyi. Toutotan batay kont lamizè pa chita sou eksperyans, panse ak patisipasyon moun k ap fè fas kare ak li san pran souf, nou p ap gen rezilta ki va dire. Se timoun ki pa gen avni ; se jèn ki oblije travay di pou granmèsi pou yo pa mouri, oubyen ki rèt de bra balanse san fè anyen ; se fanm ak gason yo pa sispann imilye, se fanmi grangou ak laperèz ratibwaze, ki oblije kouri pasipala ak kè sote. Pou diyite nou tout respekte, nou bezwen solidarite sitwayen tout plim tout plimay, tout kondisyon, tout konviksyon oswa kwayans, k ap desitire chak jou pi plis kokenchenn injistis sa yo.

## **17 ÒKTÒB, JOUNEN MONDYAL POU N DESITIRE LAMIZE**

*« Kote moun kondane pou yo viv nan lamizè,  
Dwa Moun pa respekte.*

*Tèt ansanm pou sa chanje, se yon devwa sakre »*

**Pè Joseph Wresinski**

Chak 17 òktòb, se mo sa yo ki anime yon pakèt rasanbleman san kè sote ak anpil aksyon solidarite. Se mo sa yo ki motive patisipasyon moun k ap viv nan lamizè ak soyete yo mete sou kote. Jounen sa ranfòse kouraj sila yo k ap fè fas kare ak sityasyon ki pa posib, pou yo pa sispann desitire lamizè, pou yo pa fè bèk atè, pou yo kenbe fèm.

17 òktòb la mobilize tout kalite moun, moun tout kalite pwofesyon pou rebati demokrasi nou yo, li chanje fason nou panse, fason nou aji, fason nou viv ansanm ak sila yo nou mete sou kote.

N ap kapab siyen Deklarasyon sa a jis nan dat 1<sup>er</sup> òktòb 2007.

lè pi fò moun fin siyen l, nou pral voye pou Nasyonzini e nou pral pibliye l nan dat 17 òktòb 2007.

**Ou kapab siyen l sou papye ; lè sa a, w ap voye kupon repons la pou**

**ATD QUART MONDE 2 Impasse Chatelain, Av. John Brown PORT-AU-PRINCE ( Tél. : 245 88 87—510 36 70 )  
oubyen ou ka fè l sou sit Jounen Mondyal pou n desitire lamizè, [www.oct17.org](http://www.oct17.org)**

# DEKLARASYON SOLIDARITE

Nou mèt konte sou mwen tou !

**Mwen pòtekole** ak tout fanm ak gason k ap lite toupatou nan lemond pou kenbe fèm devan lamizè e pou elimine l.  
**Mwen vle bay sipò mwen** pou fè respekte diyite tout moun e pou fè respekte posibilite reyèl pou tout moun benefisye  
**Dwa yo genyen. Mwen vle ale nan sans** tout jefò k ap pèmèt moun yo mete sou kote e k ap viv nan lamizè patisipe nan  
17 òktòb, Jounen Mondyal pou desitire lamizè..

**Mwen mande** pou sitwayen yo, otorite lokal ak nasyonal yo e Nasyonzini

- Pour yo konsidere moun ki pi pòv yo tankou premye aktè nan batay kont povrete a.
- Pour yo garanti patisipasyon moun ki pi pòv yo nan elaborasyon, reyalizasyon ak evalyasyon politik ki gen a wè ak yo.  
Nou mande pou yo rete kwè nan yon monn ki pa gen lamizè, yon monn kote dwa pou viv ak fanmi w, dwa pou gen  
yon travay korèk, dwa pou w patisipe nan aksyon sosyal, kiltirel ak politik respekte.
- Pou yo bay sipò yo nan aktivite k ap fèt chak 17 òktòb pou patisipasyon moun ki nan mal site yo kapab nan kè jou-  
nen mondyal pou n desitire lamizè.
- Pou yo patisipe nan dyalòg nou dwe òganize tout lane. Dyalòg sa yo se ak moun ki deja angaje nan jefò pou desitire  
lamizè ak kreye chemen pou lapè.

Nan dat ..... . paraf.....

*Non*..... *Siyati*.....

*Profesyon/fonksyon (si ou vle)*..... *Tel*.....

*Adrès*.....

*Kòd postal / / / / / / Vil*.....*E-mail*.....

*M pare pou kore deklarasyon sa a, mwen ta vle recevwa dokiman, pou ka fè pi plis.*

*Mwen ta renmen recevwa \_\_\_\_\_ deklarasyon pou m distribye yo*

*Mwen deside patisipe nan 17 òktòb la **WI**\_\_ **NON**\_*

*Mwen deside bay kontribisyon mwen **WI**\_\_**NON**\_*

*M ta swete yo enfòme m sou fason deklarasyon sa a ap fè chemen l. .... **WI**\_\_ **NON**\_*

*Mete yon kwa devan repons ou chwazi, mèci*